

VIL NEW YORK
BIWO OPERASYON MAJISTRA A ak
DEPATMAN PLANIFIKASYON VIL NYC
AVI ODYANS PIBLIK ak PERYÒD KÒMANTÈ sou
FÒMILASYON PLAN AKSYON ANYÈL yo PWOPOZE POU ANE 2023 A
ansanm ak PLAN PATISIPASYON SITWAYEN AN

POU TOUT AJANS, KONSEY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE YO:

Konfòmeman ak règleman 24 CFR 91.105 ki nan Plan Konsolide Depatman Lojman ak Developman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini a konsènan patisipasyon sitwayen an, Biwo Operasyon Majistra a, ansanm ak ajans ki responsab pou aplike *Plan Aksyon Anyèl* New York la te rive pwogramme yon:

Yon odyans an pèsòn defason vityèl pou jou k ap **Mèkredi 15 mas la soti 6:00-7:00pm** pou Fòmilasyon Plan Aksyon Anyèl yo Pwopoze pou ane 2023 a. Peryòd Kòmantè Piblik ki dire 30 jou a konsènan Fòmilasyon Plan Aksyon Anyèl yo Pwopoze pou ane 2023 a se pou dat **Jedi 9 mas 2023 a – Samdi 8 avril 2023 a.**

Ou kapab patisipe nan odyans lan swa an pèsòn oswa defason vityèl.

Depatman Planifikasyon Vil la (Department of City Planning) envite w nan yon reyinyon ki pwogramme sou Zoom

Webinar ID: 812 5269 1068

Lyen ZOOM pou Patisipasyon Piblik la:

<https://us06web.zoom.us/j/81252691068?pwd=TkZLeU1MY2d5eUpqeTJ5WUJTRHIVUT09>

Depatman Planifikasyon Vil la ap envite w nan yon reyinyon ki pwogramme an pèsòn

NYC City Planning Commission Hearing Room,
Lower Concourse, 120 Broadway, Manhattan.

Depatman Lojman ak Developman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini a egzije *Plan Aksyon Anyèl* yo Pwopoze a. Li konsolide egzijans lejislatif Estrateji Global pou Aksesiblite nan Lojman ki nan Lwa Cranston-Gonzalez sou Lojman an, ansanm ak aplikasyon anyèl Vil la pou pwogram admisibilite Biwo Planifikasyon ak Developman Kominotè a: Sibvansyon Blòk pou Developman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME, Sibvansyon pou Solisyon ann Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA).

Plan Aksyon yo Pwopoze a pa sèlman sèvi aplikasyon pou finansman pou Vil la, men li sèvi aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metropoliten HOPWA New York ki Elijah la (HOPWA EMSA). HOPWA EMSA pral gen ladan 1 senk awondisman ki fè pati Vil New York, ansanm ak twa konte nan nò eta New York (Westchester, Rockland ak Putnam).

Yo te pwograme Odyans Piblik la pou yo kapab jwenn kòmantè sou fòmilasyon plan an ak sou fason Vil la itilize fon federal yo pou 1 reponn ak bezwen lojman, sèvis pou moun ki sanzabri yo, sèvis pou sipò lojman, ansanm ak bezwen devlopman kominotè yo, pwomosyon pozitif pou lojman ekitab, ansanm ak devlopman aktivite yo pwopoze yo. Epitou, reprezantan ajans yo ka resevwa kòmantè sou fason Vil la jere aktivite Plan Konsolide yo pandan ane 2021 an. Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan: <https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan-annual-performance-reports.page>

Pou Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2022 a, Vil la te resevwa nan men HUD **\$304,212,902** pou kat pwogram sibvansyon selon fòmil HUB la: **\$166,259,543** pou CDBG; **\$81,327,120** pou HOME; **\$41,777,058** pou HOPWA; ak **\$14,849,181** pou ESG, nan lòd yo mansyone a. Kongrè a poko adopte Pwojè Lalwa sou Kredi HUB pou Ane Fiskal Federal (FFY) 2023 a. Se poutèt sa yo rete pou yo detèmine montan sibvansyon reyèl ke Vil la pral resevwa yo pou ane 2023 a.

Plan Patisipasyon Sitwayen (Citizen Participation Plan, CPP) se kad Vil New York itilize pou li kapab ankouraje angajman kominotè pou tout sitwayen yo kapab fè vwa yo pase epi pou yo enfliyanse desizyon ki gen enpak sou kominote, katye kote y ap viv yo, ak sou kalite lavi yo epi pou oryante fason y ap itilize finansman yo resevwa nan kad pwogram sibvansyon pou adimisiblite fòmil Panifikasyon ak Devlopman Kominotè (Community Planning and Development, CPD) a ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini an administre yo pou Pwogram Sibvansyon Blòk pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG) a, Patenarya Envestisman HOME, Pwogram Sibvasyon pou Solisyon ann Ijans (Emergency Solutions Grants, ESG), ansanm ak Pwogram Opòtinite Lojman pou Moun Ki Gen SIDA (Housing Opportunities for Persons With AIDS, HOPWA) yo.

Vil New York pwopoze pote gwo modifikasyon nan *Plan Patisipasyon Sitwayen* li an (CPP).

Yon **Peryòd pou Kòmantè Piblik ki dire 30** jou pwograme pou jou k ap **Madi 9 mas 2023 a rive samdi 8 Avril 2023** a pou tout rezidan ki enterese revize ak kòmantè. Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan: <https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page>

Ou dwe voye tout kesyon ak kòmantè ki konsène *Plan Aksyon Anyèl* ak *Plan pou Patisipasyon Sitwayen* Vil New York la bay Lisa Rambaran, Jesyonè Pwogram Plan Konsolide Vil New York la, conplannyc@cityhall.nyc.gov oswa Mayor's Office of Operations, 253 Broadway 10th Floor, New York, New York 10007.

Tanpri, fè Depatman Planifikasyon Vil NYC a konnen si w bezwen yon aranjman ki rezonab, tankou men ki pa sèlman gen ladan, sèvis entèpretarya nan lang siy, pou w kapab patisipe nan odyans piblik la. Y ap founi sèvis entèpretarya nan lang etranje a toudepannde resous ki disponib yo. Tanpri, voye demann yo pa imèl nan accessibilityinfo@planning.nyc.gov oswa rele 212-720-3508 omwen senk jou ouvrab avan odyans lan oswa voye imèl bay Plan Konsolide a, conplannyc@cityhall.nyc.gov.

Vil New York:

Eric Adams, Majistra
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 23 Fevriye 2023